दिन—शुक्रवार　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　दिनांक—10.07.2026

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ　　　　　　　　　　　　　　　　　　अवधिः—05 मिनट

---

मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आई सामाजिक सुरक्षा पेंशन योजनाक अंतर्गत संतानबे लाख चौरासी हजार सँ बेसी लाभार्थी लोकनिक खाता में डीबीटी कँ माध्यम सँ पेंशनक राशि अंतरित कयलनि। श्री चौधरी पटना में आयोजित एक कार्यक्रम सँ एक हजार चारि सय तेईस करोड़ टाकाक राशि जारी कयलनि। योजनाक छओ श्रेणीक हरेक लाभार्थी के एगारह—एगारह सय टाकाक भोगतान कयल गेल। एहि अवसर पर मुख्यमंत्री कहलनि जे सरकार सभ पात्र लाभार्थी कँ समय पर पेंशन राशि उपलब्ध करेबाक व्यवस्था सुनिश्चित कयलक अछि, जाहि सँ हुनका लोकनि के जीवनयापन मे मददि भेटि सकय। ओ अधिकारी लोकनि कँ निर्देश देलनि जे पात्र लाभार्थी लोकनि कँ शीघ्रहि सामाजिक सुरक्षा पेंशन योजना सँ जोड़ल जाय। कार्यक्रम में उपमुख्यमंत्री विजय कुमार चौधरी, उपमुख्यमंत्री बिजेंद्र प्रसाद यादव तथा कतेको वरिष्ठ अधिकारी लोकनि सेहो उपस्थित छलाह।

---

भाजपा क वरिष्ठ नेता आ मुख्यमंत्री सम्राट चौधरीक अध्यक्षता मे पटना मे एनडीए के घटक दल सभक बैसक भेल। बैसक मे भाजपा, जदयू, लोक जनशक्ति पार्टी—रामविलास, हिन्दुस्तानी अवाम मोर्चा आ राष्ट्रीय लोक मोर्चाक वरिष्ठ नेता, मंत्री, सांसद, विधायक, विधान पार्षद आ वरिष्ठ नेता लोकनि सम्मलित भेलाह। बैसक मे जदयूक अध्यक्ष नीतीश कुमार सेहो उपस्थित छलाह। एनडीए के बैसक मे सरकारक काज के समीक्षा, घटक दल सभक मध्य नीक समन्वय आ विकास योजना सभक क्रियान्वयन पर मुख्य रूप सँ चर्चा कयल गेल।

---

बांकीपुर विधानसभा उपचुनाव के लेल भारतीय जनता पार्टी के उम्मीदवार अभिषेक कुमार अपन नामांकन वापस ले लेने अछि। पटना मे पार्टी प्रदेश कार्यालय मे संवाददाता लोकनि सँ वार्ता करैत ओ कहलनि जे पारिवारिक कारण सँ ओ उपचुनाव नहि लड़बा के निर्णय कयलनि अछि आ एहि संबंध मे पार्टी नेतृत्व के लिखित रूप सँ जनतब दऽ देल गेल

अछि। एहि मध्य भाजपा उपचुनाव मे नीरज कुमार सिन्हा के नव उम्मीदवार बनौलक अछि। विदित अछि जे भाजपा के राष्ट्रीय अध्यक्ष नितिन नबीन के त्यागपत्र के कारणे बांकीपुर विधानसभा सीट पर उपचुनाव भऽ रहल अछि। नामांकन के अंतिम तिथि 13 जुलाई धरि निर्धारित अछि।

———————————————————————————

उपराष्ट्रपति डॉ. सी.पी. राधाकृष्णन काल्हि दू दिवसीय बिहार दौरा पर अओताह। विधानसभा अध्यक्ष डॉक्टर प्रेम कुमार जनौलनि जे उपराष्ट्रपति गयाजी मे एगारह आ बारह जुलाई कँ आयोजित विधायक सभक प्रबोधन कार्यक्रमक उद्घाटन करताह। कार्यक्रम मे राज्यपाल लेफ्टिनेंट जनरल (सेवानिवृत्त) सैयद अता हसनैन, मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी तथा कतेको गणमान्य लोकनि सम्मलित हेताह।

———————————————————————————

प्रदेश में फर्जी शैक्षणिक आ प्रशिक्षण प्रमाण पत्रक आधार पर नियोजित तीन हजार सँ बेसी शिक्षक के चिन्हित कयल गेल अछि। पटना हाईकोर्ट के निर्देश पर निगरानी जांच ब्यूरो शिक्षक सभक प्रमाण पत्र के जांचक प्रक्रिया पूरा कऽ लेलक अछि। एहि मे तीन हजार पैंतीस शिक्षक दोषी पाओल गेलाह अछि। एहि सभ शिक्षक लोकनिक नियोजन वर्ष दू हजार छओ सँ वर्ष दू हजार पंद्रह के मध्य भेल छल। फर्जी प्रमाण पत्रक आधार पर नौकरी करबाक मामिला मे एखनधरि एक हजार आठ सय तीस प्राथमिकी दर्ज कयल जा चुकल अछि। एहि मध्य, शिक्षा मंत्री मिथिलेश तिवारी जनौलनि जे दोषी शिक्षक लोकनिक सेवा समाप्त करबाक प्रक्रिया शुरू कयल जा रहल अछि।

———————————————————————————

शिक्षा मंत्री मिथिलेश तिवारी कहलनि अछि जे शिक्षक सभक स्थानांतरणक विभागीय प्रक्रिया आई सँ शुरू भऽ गेल अछि। पटना में संवाददाता लोकनि सँ वार्ता करैत ओ कहलनि जे पहिने विभागीय अधिकारी लोकनिक लेल काल्हि प्रशिक्षण होयत आ ओकर बाद शिक्षक लोकनिक स्थानांतरणक लेल आवेदनक तिथि जारी कयल जायत।

———————————————————————————

प्रदेशक सरकारी स्कूल सभ मे मानसूनक दरमियान मध्याह्न भोजन योजनाक मेन्यू मे परिवर्तन कयल गेल अछि। शिक्षा विभाग बच्चा सभक स्वास्थ्य कँ ध्यान में राखैत वर्षाक मौसम में भाटा, रामझीमनी, कोबी आ सागक उपयोग पर अस्थायी रोक लगा देलक अछि। विभाग सभ जिला कँ निर्देश जारी करैत कहलक अछि जे संक्रमणक खतरा कँ देखैत एहि प्रकारक तरकारी के स्थान पर ताजा, स्थानीय आ मौसमक अनुरूप तरकारी उपयोग कयल जाय।

———————————————————————

पंचायती राज मंत्री दीपक प्रकाश कहलनि अछि जे एहि बेरक पंचायत चुनाव मे आरक्षणक नव रोस्टर लागू होयत। नालंदा मे पत्रकार लोकनि सँ गपशप करैत ओ कहलनि जे दस वर्ष पूरा हेबाक कारणे चुनाव मे आरक्षणक नव रोस्टर प्रभावी होयत। श्री प्रकाश कहलनि जे पंचायत अध्यक्ष, प्रखंड प्रमुख आ जिला परिषद अध्यक्ष के चुनाव वर्तमान व्यवस्थाक अनुसार अप्रत्यक्ष रूप सँ संपन्न होयत।

———————————————————————

प्रदेश में मॉनसून पूर्ण रूपेन सक्रिय अछि। मौसम विभाग कहलक अछि जे अगिला सात दिन धरि राज्य मे वर्षाक स्थिति बनल रहत। एम्हर, पछिला चौबीस घंटाक दरमियान पश्चिम चंपारण जिलाक मैनाटाढ़ मे रिकॉर्ड एक सय पंचानवे दशमलव छओ मिलीमीटर वर्षा भेल अछि। गोपालगंज, वैशाली, पूर्णिया आ मधेपुरा जिला मे सेहो किछु ठाम पर भारी वर्षा रिकॉर्ड कयल गेल। मौसम विभाग काल्हि पूर्वी चंपारण, पश्चिमी चंपारण ओ गोपालगंज जिला मे भारी वर्षा, जखनकि दरभंगा, मधुबनी, मुजफ्फरपुर, शिवहर, सीतामढ़ी, अररिया, किशनगंज, सुपौल आ सीवान जिला मे भारी वर्षा हेबाक चेतावनी जारी कयलक अछि।

———————————————————————

समाप्त भेल